



Gouvènè McKee, Komisyonè Infante-Greene, Mayor Smiley, ak Prezidan Komisyon Lekòl la President Rogel nan lakou pou otobis la nan premye jou lekòl la ap tounen swete manm pèsonèl la byenvini!

# KONEKSYON

## ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

20 SEPTANM 2023

Bon retou nan nouvèl ane lekòl la! Mwen vle rekonèt travay difisil pwofesè nou yo, manm pèsonèl la, ak administrasyon yo nan preparasyon pou ane lekòl sa a. Se toujou yon defi epi nou fyè de travay yo te fè pou asire ke etablisman lekòl nou yo te prè.

Nou te reyalize yon etap enpòtan - nou pa te sèlman louvri youn men twa nouvo lekòl pou premye fwa pandan yon deseni. M ta renmen eksprime rekonesans mwen pou Gouvènè McKee, Komisyonè Infante-Green, Mayor Smiley, ak komisyon lekòl nou an pou sipò ekstrawòdinè yo epi rejwenn nou nan premye jou vizit a nan vizit lekòl la. Sa sèlman genyen de semèn, mwen te genyen privilèj pou selebre gran ouvèti Sant Aprantisaj Narducci a, k ap sèvi kounya kòm yon espas tranzisyon pou Pleasant View Elementary pandan renovasyon yo a. Reyalizasyon sa a pa t ap posib san patnè devwe nou yo; mèsi paske nou reyalize sa. Nou kontan anpil pou akeyi elèv ak manm pèsonèl la nan nouvo Lekòl Primè William D'Abate ak Frank

D Spaziano Elementary, ki make ouvèti twa nouvo lekòl Aprantisaj 21st Century yo pandan ane sa a nan PPSD. Angajman nou pou bay edikasyon de kalite ak nouvo etablisman yo kontinye ap vin pi djanm pandan n ap kontinye atenn objektif TAP yo. Nouvo lekòl nou yo ekipe ak etablisman modèn ak teknoloji pou ankouraje eksperyans aprantisaj la epi kontinye plan nou yo pou sèvi elèv Providence yo epi envesti nan Distri a.

Nou te byèn kòmanse, epi mwen enpasyan pou wè yon ane akademik ki reyisi. Enplikasyon paran ak sipò kominotè enpòtan anpil nan reyisit elèv yo, epi mwen ankouraje patisipasyon aktif ou. Èd ou esansyèl pou asire ke timoun ou an pase yon trè bél ane. Tanpri sonje ke prezans esansyèl pou reyisit akademik epi nou vle elèv nou yo vin Ewo nan Prezans. Nou te bay lekòl nou yo pakè Ewo Prezans yo, ki gen ladan leman pou swivi ak kontra prezans. Rete enfòme sou pwochen evènman yo, rankont ant paran-pwofesè, ak dat ki enpòtan yo pou ane lekòl la. Jan sa toujou fèt, tanpri kontakte nou pandan ane a si ou genyen nenpòt kesyon ak kòmantè. Pwogrè ak reyisit!



**DR. JAVIER MONTAÑEZ**  
SIPÈ-ENTANDAN



## MIZAJOU DISTRI YO PREMYE JOU LEKÒL

Premye lekòl pou ane akademik 2023-2024 la lanse nan jou Mèkredi 6 Septanm nan. Se te yon gran plezi pou wè elèv nou yo retounen pou yon nouvèl ane lekòl. Remèsiman espesyal pou **Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, ak Komisyònè RIDE la Angélica Infante-Green** paske yo te vizite kèk nan lekòl yo pandan depozisyon an.

### DWE YON EWO NAN PREZANS

Pou asire ke nou kòmanse ane akademik la yon fason ki solid, PPSD ap lanse yon kanpay **Ewo nan Prezans** pou ede konsantre sou politik prezans lan pandan ane lekòl la. Pou kapab ede avèk sa, Biwo Santral PPSD a te bay lekòl yo kontra Ewo nan Prezans yo, leman pou Prezans, ak makè pou efase a sèk pou elèv yo ka swiv prezans yo pandan tout ane a. Nou ankouraje paran yo pou pran tan pou fè sa avèk timoun yo pou yo ka konprann enpòtans prezans ak enpòtans sa genyen lè yo vini lekòl la chak jou. Absans yo ka akimile byen vit, epi elèv yo ka arisk pou ale nan kou dete si yo rate twòp jou pandan ane lekòl la. Annou travay ansanm pou kapab Ewo nan Prezans pandan ane lekòl sa a!

### WILLIAM D'ABATE AK LEKÒL PRIMÈ FRANK D. SPAZIANO YO LOUVRI

Nou kontan anpil pou louvri pòt de novo lekòl nou yo, lekòl renove yo: **Frank D. Spaziano Elementary School** ank **William D'Abate Elementary School!** Frank D. Spaziano Elementary School pral genyen yon nou kanpis tou nèf pandan klas Pre-Matènèl jiska 5yèm ane a te louvri pou elèv yo nan jou Lendi 11 Septanm nan. William D'Abate Elementary School ki fèk renove a te louvri pòt li yo tou pou elèv yo nan dat 11 Septanm nan. Elèv yo, manm pèsonèl, ak fanmi yo te kontan pou anret nan



novo batiman lekòl yo pou kòmanse pakou akademik yo. Yon remèsiman espesyal pou **Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, Depatman Edikasyon Rhode Island nan, ak Konsèy Vil Providence lan** pou sipòte yo nan toude pwojè sa yo.

### KLINIK POU GRIP PPSD FLU YO

PPSD pral organize klinik nan tout lekòl la/klinik kominotè apati mwa Oktòb. Tout klinik yo pral fêt soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m. epi y ap fêt nan lye sa yo:

- **Nathanael Greene Middle School**  
721 Chalkstone Avenue (02908)  
Madi 10 Oktòb 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.
- **JSEC**  
182 Thurbers Avenue (02905)  
Madi 24 Oktòb 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.
- **DelSesto Middle School**  
152 Springfield Street (02909)  
Jedi 9 Novanm 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.



## EKITE AK APATENANS

### Biwo Ekite ak Apatenans lan swete tout moun yon kòmans lekòl an sante epi ak lapè.

15 Septanm-15 Oktòb se **Mwa Nasyonal pou Eritaj Ispanofòn**. Apati Bibliyotèk Kongrè a, "Jou 15 Septanm nan enpòtan anpil paske se anivèsè endependans pou peyi Latino Ameriken yo ki se Kostarika, El Salvador, Gwatemala, Ondiras ak Nikaragua. Anplis, Meksik ak Chili selebre fèt endependans yo nan dat 16 Septanm ak 18 Septanm, yon fason respektif." Tanpri pataje tout pwojè ak festivite ki lye yo k ap fèt nan saldeklas yo ak nan lekòl yo avèk [equity@ppsd.org](mailto:equity@ppsd.org).

Nan mwa Out, vennsèt elèv ki reprezante **Evèk, Delsesto, Esek, Greene, Roger Williams, Stuart, Alvarez, Central, Classical, E-Cubed, Hope, PCTA, 360**, ak **Leviton Dual Language Elementary School** te reyini nan Brown University pou inogirasyon Summer Equity Student Leadership Academy (SESLA) nan Biwo Ekite ak Apatenans lan. Elèv yo te angaje nan aktivite sou alfabetizasyon atravè rap avèk Rhymes with Reason, te eksplore idantite kiltirèl ak kontèks istorik avèk Alliance of Rhode Island Southeast Asians for Education (ARISE), epi yo te aprann pratik non-vyolans avèk Nonviolence Institute of Rhode Island (NSRI). Anplis, elèv yo te kolabore avèk atis lokal, MJ Robinson, pou konseptualize yon Pòtrè PPSD pou yon Diplome ki reprezante reyalite eksperyans elèv la ak yon lavni ki ranpli ak posiblite. Pòtrè sa a pral vizib nan fen Otòn sa a. Patisipan SESLA yo, ansanm ak lòt lidè elèv, pral rasanble ankò pou pwogram RESPECT pandan ane lekòl sa a, k ap kòmanse nan mwa Oktòb.

Epitou nan mwa Out, venteyen pwofesè ak manm pèsonèl te reyini antanke premye gwoup **Elip Lidèchip sou Ekite PPSD a (ELT)** Anbasadè, ki reprezante **Bailey, Fogarty, Lima, Kennedy, Kizirian, Pleasant View, Veazie, Webster, West, Greene, Hopkins, Stuart, Central, Hope**, ank **Nouvo-veni yo**. Anbasadè yo pral patisipe nan fòmasyon pandan tout ane lekòl la avèk

Biwo Ekite a ak **Dr. Mark Gooden**, otè Senk Pratik pou Lidèchip ki Santre sou Ekite, pou konstwi fondasyon pou lansman ELT lekòl yo pou SY 2024-25.

Komisyon Lekòl Providence lan pral rekonèt patisipan elèv SESLA yo ak volontè paran/ Vis Prezidan PAC, **Aubrey Johnson**, ak Anbasadè ELT yo nan rankont Komisyon Lekòl 20 Septanm nan pou angajman yo nan ekite ak lidèchip ki plen kouraj yo nan lekòl Providence yo.

Biwo Ekite ak Apatenans lan pral òganize twa gwooup adisyonèl pandan Otòn sa a: Bloomberg Equity Micro-Credentialing, Gentlemen's Academy Ambassadors, ak Teaching for Black Lives. Pwofesè yo, tanpri jwenn deskripsiyon konpèl ak enfòmasyon sou aplikasyon an nan seksyon [Kalandriye ak Pwochen Opòtinite yo](#) sou sit entènèt nou

an, ak resous adisyonèl ak anonsman pou evènman yo ak aprè PPSD.

**Equity Boost Grants** yo toujou disponib epi la pou pèmèt elèv ak edikatè yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak



pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konprenansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-rasis ak konprenansyon angajman sivik ak demokrasi. Equity Boost Grants pral finanse pwojè ki baze nan lekòl ant \$500 ak \$4900. Yo aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontini.

[Tcheke kalandriye nou an pou jwenn opòtinite aprantisaj pwofesyonèl](#) ki pral fèt nan tout mwa Septanm nan, Oktòb ak Novanm. Manm pèsonèl la ka jwenn plis enfòmasyon epi enskri sou Frontline.


# SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèle bagay chak jou. Men kèk egzanp.



## A-VENTURE ACADEMY PATISIPE NAN MEMORYAL 9/11 LA

Elèv yo nan **A-Venture Academy** te patisipe nan yon memoryal 11 Septanm ki te fèt nan Chann Reprezantan Rhode Island lan nan Lendi. Elèv yo te fè yon travay ekstrawòdinè pandan pou reprezante lekòl yo a. Al gade foto ke Direktè Egzekitif A-Venture Academy a ki se John Gallo te pataje yo!



## GRADYASYON NAN PWOGRAM ETE CTE CNA A

Elèv yo nan lekòl segondè **Alvarez** ak **Central** yo te patisipe nan yon pwogram CNA pandan ete a. Se pwofesè nan CCRI ki te anseye pwogram lan nan **Rhode Island Nursing Education Center** (RINEC). Sa te premye ane pwogram nan, epi se yon trè bèle opòtinité pou elèv yo fè eksperyans lavi reyèl, eksperyans pratik nan domèn swen enfimye a. Mèsi ak CCRI ak RINEC pou sipò nou nan inisyativ sa a.

## ATLÈT PC YO AKEYI ELÈV PPSD YO RETOU LEKÒL

Atlèt elèv yo nan Providence College yo te vini nan **Nathanael Greene Middle School** nan premye jou lekòl la epi te fòme yon liy aplodisman pandan elèv yo t ap antre nan lekòl la. Atlèt yo te kanpe nan diferan antre nan batiman an pandan elèv yo t ap vini pou kòmanse jounen an. Mèsi ak Providence College paske yo te ede nou swete elèv nou yo bon retou nan yon lòt ane ekstrawòdinè!



## FUTURE GEN SCHOLARS

Elèv yo nan lekòl segondè **Classical, Central**, ak **JSEC** yo te patisipe nan pwogram **Future Gen Cancer Scholars** nan pandan ete sa a, ki vize pou inspire elèv BIPOC yo pou antre nan lamedsin. Felisitasyon ak tout elèv ki te fini premye ane yo nan pwogram nan. Yon remèsiman espesyal pou Lifespan ak Papitto Foundation pou sipò yo.

# NAN DISTRI A



## SELEBRASYON LANSMAN NAN NARDUCCI LEARNING CENTER

Sa gen apeprè de semèn, nou te selebre lansman nan **Narducci PreK-8 Learning Center!** Batiman ki fèk renove a pral sèvi kòm yon espas tranzisyon pou Distri a, epi se kay elèv Pleasant View Elementary School yo ak manm pèsonèl yo pandan ane sa a, pandan lekòl yo a nan renovasyon. Yon remèsiman espesyal pou Gouvènè Dan McKee, Majistra Brett Smiley, Depatman Edikasyon Rhode Island nan, ak ansyen Konseye Nick Narducci ak fanmi an pou tout sipò yo nan pwojè sa a.

## ART NASYONAL NAN SEMÈN EDIKASYON 2023 A

Semèn pase se te Art Nasional nan Semèn Edikasyon an. Pou selebre sa, nou te mete aksan sou kèk travay ekstrawòdinè ke elèv nou yo te fè pandan ane pase a, ki gen ladan elèv **Bailey Elementary School** yo ki te entèprete yon pyès nan *The Jungle Book KidsDisney* a! nan prentan pase a, epi **Mount Pleasant High School Marching Kilties** te pèfòme nan Washington, D.C. pandan parad Fèt Memoryal Nasional la.

## **SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS**

- [Providence louvri Narducci PreK-8 Learning Center](#)  
ABC6, 5 Septanm 2023
- [Brown pran angajman pou kontribye prèske \\$175 million nan peman volontè dirèk nan Providence Brown University](#), 5 Septanm 2023
- [ABM Industries Fe Patenarya avèk Distri Lekòl Piblik Providence lan pou Ogmante Operasyon yo Nan Vil](#)  
Benzinga, 5 Septanm 2023
- [RIPTA swete bon retou ak elèv lekòl segondè Providence yo avèk efò sansiblizasyon](#)  
WJAR, 5 Septanm 2023
- [Yo te swete elèv Providence yo bon retou nan premye jou lekòl la](#)  
ABC6, 6 Septanm 2023
- [Elèv yo te retounen lekòl la nan 2 lekòl primè Providence yo](#)  
WJAR, 11 Septanm 2023

# MAKE KALANDRIYE W YO!

- YOM KIPPUR  
(PA GEN LEKÒL)**

Lendi 25 Septanm 2023

- RANKONT KOMITE BATIMAN LEKÒL LA**

Madi 26 Septanm 2023  
5:30 p.m.  
797 Westminster Street

- JOUNEN PÈL ENDIJÈN YO  
(PA GEN LEKÒL)**

Lendi 9 Oktòb 2023

- RANKONT KOMINOTÈ BRANCH 12 LA**

Mizajou sou planifikasyon Kizirian yo  
Mèkredi 27 Septanm 2023  
6:00 p.m.  
Rogers Rec Center, 60 Camden Ave.

- EKSPOZISYON NAN LEKÒL SEGONDÈ**

pou elèv 8 yèm ane yo

Jedi 12 Oktòb  
5:00 p.m. - 7:00 p.m.  
PCTA, 41 Fricker St.

- RANKONT KOMINOTÈ BRANCH 5 LAN**

Mizajou sou Mount Pleasant & Pleasant View  
Lendi 2 Oktòb 2023  
6:30 p.m.  
Mt Pleasant Community Library,  
315 Academy Ave

## HIGH SCHOOL EXPO

Pou premye fwa, PPSD pral òganize yon Ekspozisyon nan Lekòl Segondè (pou Elèv 8 yèm Ane yo) pou eksplor opòtinité lekòl segondè yo ki gen ladan lekòl egzamen PPSD, lekòl aplikasyon yo, ak lekòl aplikasyon pou lekòl chwa yo. Epitou li pral entwodwi elèv ak fanmi yo nan senk lekòl segondè ki reyamenaje yo.

**Jedi 12 Oktòb 5:00 p.m. - 7:00 p.m., PCTA**

## SEPTANM MENI LEKÒL LA



## EKITE AK APATENANS KALANDRIYE DEVELOPMAN

| Date  | Work Session  | Audience                 | Time       | Venue     |
|-------|---|--------------------------|------------|-----------|
| 9-19  | Understanding Gender Equity Policies at PPSD            | Principals & APs ONLY    | 4:00-5:00  | Virtual   |
| 9-20  | Understanding Gender Equity Policies at PPSD            | Principals & APs ONLY    | 4:00-5:00  | Virtual   |
| 9-21  | Understanding Gender Equity Policies at PPSD            | Principals & APs ONLY    | 4:00-5:00  | Virtual   |
| 9-21  | Monthly Lunch and Learns                                | All Central Office Staff | 12:00-1:00 | In Person |
| 9-26  | Unconscious Bias Part 1                                 | All PPSD Staff           | 4:15-5:30  | In Person |
| 10-12 | Understanding Gender Equity Policies at PPSD            | All Staff                | 4:00-4:45  | Virtual   |
| 10-19 | Monthly Lunch and Learns                                | All Central Office Staff | 12:00-1:00 | In Person |
| 10-24 | RESPECT Student Equity Leadership Conference Fall       | Student Leaders          | 8:15-2:45  | In Person |
| 10-30 | Unconscious Bias Part 2                                 | All PPSD Staff           | 4:15-5:30  | In Person |
| 11-2  | School-Based Supports to Affirm Student Gender Identity | Counselors ONLY          | 3:00-4:00  | Virtual   |
| 11-9  | Understanding Gender Equity Policies at PPSD            | All PPSD Staff           | 4:00-4:45  | Virtual   |
| 11-16 | Monthly Lunch and Learns                                | All Central Office Staff | 12:00-1:00 | In Person |
| 11-30 | Unconscious Bias Part 3                                 | All PPSD Staff           | 4:15-5:30  | In Person |